# XALÍQ DEPUTATLARÍ NÓKIS RAYONLÍQ KEŃESI
## SH E SH I M I

2023 - yil 20 - oktabr VI-74-161-13-188-K/23 Nukus tuman hokimligi

**Nókis rayonında 2023-jıl 2-máwsim "Puqaralıq belsendi" qorı esabınan "Ashıq byudjet" maǵlıwmatlar portalı arqalı eń kóp dawıs toplaǵan usınıslardı tastıyıqlaw haqqında**

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 13-aprel kúngi "Byudjet procesinde puqaralardıń belsendi qatnasıwın támiyinlew boyınsha qosımsha is-ilajlar haqqında"ǵı PQ-5072-sanlı qararına, "Byudjet kodeksi"niń 119-statyasına, "Jergilikli mámleketlik hákimiyat haqqında"ǵı Nızamınıń 6-25-statyalarına hám Qaraqalpaqstan Respublikası Nızamınıń 21-statyasına tiykarlanıp, Xalıq deputatları Nókis rayonlıq Keńesi

**SH E SH I M E T E D I :**

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 13-aprel kúngi "Byudjet procesinde puqaralardıń belsendi qatnasıwın támiyinlew boyınsha qosımsha is-ilajlar haqqında"ǵı PQ-5072-sanlı qararı orınlaw ushın basshılıqqa alınsın.

2. Joqarıdaǵı qarar tiykarında Belsendi byudjet procesi juwmaqlarına kóre;

**- ID: 031259805002** arqalı bildirilgen "Aqmańǵıt" PPJ aymaǵında jaylasqan Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw bólimine qaraslı 21-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebi imaratınıń qabatına qosımsha qabat (etaj) qosıw 2-basqıshı **(ID: 0018032002 arqalı)** hámde materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew ushın -1926 dawıstı toplap, "jeńimpaz" dep tabılǵan;

**- ID: 031255681002** arqalı bildirilgen "Aqmańǵıt" PPJ aymaǵında jaylasqan Medicina birlespesine "Asenizator" avtomashinasın satıp alıw ushın- 2119 dawıstı toplap "jeńimpaz" dep tabılǵan;

**- ID: 03171494002** arqalı bildirilgen "Kerder" APJǵa barıwshı joldı asfaltlaw boyınsha 2155 dawıs toplap "jeńimpaz" dep tabılǵan usınıs **qosımshaǵa** muwapıq tastıyıqlansın.

- “Jeńimpaz” dep tabılǵan usınıslardı qarjılandırıw Nókis rayonı “Puqaralıq belsendi” qorı esabınan **jami 3 mlrd. 120 mln.swm** qarjı jóneltiriliwi belgilensin.

3. Nókis rayonı hákiminiń birinshi orınbasarı (B.Alimbetov)na, rayonlıq Ekonomika hám qarjı bólimi (I.Saparov) hám rayonlıq Qaznashılıq bólimi (A.Jienaliev)lerine usı sheshim tiykarında joqarıda belgilengen tapsırmalardı orınlaw ushın “Puqaralıq belsendi” qorı esabınan ajıratılıwı kózde tutılǵan qarjılar belgilengen tártipte baǵdarlanıwı;

- ózgeris hám qosımshalar kiritilgenligi haqqında mápdar táreplerge bildiriw tapsırılsın.

4. Nókis rayonı hákiminiń birinshi orınbasarı (B.Alimbetov), rayonlıq Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw bólimi hámde Medicina birlespesi, Qaraqalpaqstan Respublikası Avtomobil jolları aymaqlıq bas basqarmasına, sonday-aq, tiyisliligi boyınsha mákeme shólkemler menen birgelikte usı sheshim tiykarında belgilengen wazıypalardı ámelge asırıwda “Puqaralıq belsendi” qorı esabınan ajıratılıwı názerde tutılǵan qarjılardı maqsetli jumıslarǵa belgilengen tártipte óz waqtında jumsalıwın qadaǵalawǵa alsın.

5. Sheshimniń orınlanıwın qadaǵalaw rayon hákiminiń birinshi orınbasarı (B.Alimbetov)na júklensin.

6. Sheshim qabıl etilgen kúnnen baslap kúshke kiredi.

**Kenes basligi orinbasari** **M.Qoyshibaev**

Xalq deputatlari Nukus tuman Kengashining
2023-yil 20-oktabrdagi
VI-74-161-13-188-K/23-son qaroriga
1-ilova

**Puqaralar baslaması fondınan jámiyetshilik pikiri tiykarında qáliplestirilgen (jeńimpaz dep tabılǵan) 2023-jıl 2-máwsim ilajlardı qarjılandırıwda boyınsha**

## MAǴLÍWMAT

| T/N | Usınıs ID nomeri | Jıynalǵan dawıs sanı | Qoyılǵan usınıstıń qısqasha mazmunı (jónelisi) | Qoyılǵan usınıstı qarjılandırılıwı (mıń swm) | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Usınıstıń puqara tárepinen kiritilgen dástlepki summası | Usınıstı ámelge asırıw summası |
| 1 | 031259805002 | 1926 | Nókis rayonv Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw bólimine qaraslı 21-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebi materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew ushın | 1 100 000 | 250 000 |
| | | | Nókis rayonv Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw bólimine qaraslı 21-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebi imaratınıń qabatına qosımsha qabat (etaj) qosıw 1-máwsimdegi **(ID: 0018032002 arqalı)** | | 750 000 |
| 2 | 031255681002 | 2119 | Nókis rayonq Medicina birlespesine "Asenizator" avtomashinasın satıp alıw ushın | 800 000 | 800 000 |
| 3 | 03171494002 | 2155 | Nókis rayonı "Kerder" APJ aymaǵındaǵı jolǵa asfalt tósew jumısların alıp barıw | 1 320 000 | 1 320 000 |
| **Jámi** | | | | **3 220 000** | **3 120 000** |